

Enfòmasyon Enpòtan sou Matematik pou Klas Premye Ane

Done



Chè Fanmi,

Klas nou an ap kòmanse yon nouvo inite etid nan matematik ki rele Done. Pandan inite etid sa a elèv yo pral kolekte, òganize, epi reprezante done. Elèv yo pral tou reponn kesyon ki baze sou reprezantasyon done. Objektif enstriktif espesifik ke elèv ou pral travay sou yo a ekri nan lis ki pi ba a avèk ekzanp sou travay elèv ki montre konpreyansyon sou chak objektif enstriktif.

Objektif Enstriktif: Òganize, reprezante, epi entèprete done jiska twa kategori.	
Ekzanp Pwoblèm	Ekzanp sou Solisyon Elèv
<p>Ms. Lemon poze elèv li yo kesyon:</p> <div style="border: 1px solid black; padding: 5px; margin: 10px 0;"> <p>Ou renmen bwè lèt, ji, oswa dlo avèk dejene ou?</p> </div> <div style="border: 1px solid black; padding: 5px; margin: 10px 0;"> <p>8 elèv renmen bwè lèt. 4 elèv renmen bwè ji. 5 elèv renmen bwè dlo.</p> </div> <p>Kreye yon reprezantasyon sou done yo ke Ms. Lemon kolekte nan men elèv li yo.</p>	<p>What do you like to drink with lunch?</p> <p style="text-align: center;">milk juice water</p> <p style="text-align: center;">8 4 5</p> <div style="border: 1px solid black; border-radius: 50%; padding: 10px; margin: 20px 0;"> <p>"Piske w kapab chwazi lèt, ji, oswa dlo, mwen te ekri chak nan mo sa yo sou papye. Mwen te trase liy ant mo yo pou òganize done mwen. Answit, mwen te trase kare pou montre konbyen elèv ki renmen bwè lèt, ji, oswa dlo ak dejene yo. 8 elèv renmen bwè lèt, ebyen mwen te trase 8 kare anba lèt. 4 elèv renmen bwè ji, ebyen mwen te trase 4 kare anba ji. 5 elèv renmen bwè dlo, ebyen mwen te trase 5 kare anba dlo.</p> </div>
<p>Konbyen elèv anplis ki renmen lèt ke dlo?</p> <p style="text-align: center;">milk juice water</p> <p style="text-align: center;">8 4 5</p>	<p>What do you like to drink with lunch?</p> <p style="text-align: center;">milk juice water</p> <p style="text-align: center;">8 4 5</p> <p style="text-align: center;">$8 - 5 = 3$</p> <div style="border: 1px solid black; border-radius: 50%; padding: 10px; margin: 20px 0;"> <p>"8 elèv renmen lèt, e 5 elèv renmen dlo. Mwen te soustrè 5 nan 8 e li te banm 3. Ebyen, 3 elèv anplis renmen lèt ke dlo."</p> </div> <div style="border: 1px solid black; padding: 5px; margin-top: 10px;"> <p>3 more students like to drink milk than water.</p> </div>

Panse Matematik ak Pratik sou Objektif Enstriktif: Eksplike panse li epi dakò/dezakò avèk lòt.



Bagay ou kapab fè lakay pou sipòte elèv ou nan tout inite etid sa:

- **Sondaj sou Fanmi ak Zanmi**

Ede elèv ou vini avèk yon kesyon e jiska 3 kategori ke li kapab itilize pou kolekte done nan manb fanmi ak zanmi (ekzanp, ki manje w pi renmen-dejene, manje midi oswa dine?). Fè elèv ou dokimante repons yo epi reprezante done nan yon fason òganize.

